Haitian Creole Version
Vèsyon Kreyòl Ayisyen

Logo Pwogram nan:

Lejand Foto: *Manm ekip Building Bridges (Bati Pon) yo, Valencia Brown ak Julia Crooks, konekte ak anplwaye UMD nan Fwar Benefis Inivèsite Maryland pou ankouraje opòtinite pou aprann lang Anglè.*

Tit: Bati Pont yo: Pwogram Lang Angle pou Anplwaye ki pa Pale Angle Natirèlman

Nan Inivèsite Maryland, sipòte siksè anplwaye yo genyen nan pami lòt, ede yo santi yo gen konfyans, konekte, epi sipòte nan travay. **Bati Pon yo: Aprann Lang pou Anplwaye Fè Pati epi Reyisi nan UMD** se yon se yon pwogram gratis pou anplwaye ki pale plizyè lang ou byen Anglè se yon lang etranje pou li, ki vle amelyore konpetans kominikasyon nan travay. Pwogram sa kapab ofri akoz Resous Imèn Inivèsite a ki nan patenarya ak Maryland English Institute (MEI) ak EnGen, yon platfòm aprantisaj lang Anglè sou entènèt ki bay yon sipò pèsonalize solid nan lang pou manm kominote UMD kote Anglè se yon lang etranjè pou yo.

Kisa Bati Pon yo ye: Aprantisaj Lang pou Pèsonèl yo Fè Pati epi Reyisi nan UMD
Bati Pon yo se yon pwogram aprantisaj nan travay ki gratis ki fèt pou ede anplwaye kote Anglè se yon lang etranjè devlope konfyans, ranfòse konpetans nan kominikasyon, epi konekte ak kolèg sou tout kanpis la. Pa gen okenn frè pou patisipe, epi sesyon an fas-a-fas chak semèn yo fèt pandan lè travay, kidonk anplwaye yo pa bezwen itilize konje pèsonèl pou patisipe.

Kouman li Fonksyone:

- **Pratik Konvèsasyon Chak Semèn:** Vini an pèsòn pou 75 minit, nan yon Gwoup Aprantisaj ak Kamarad ki dirije pa etidyan UMD ki fòme kòm fasilitatè.
- **Aprantisaj Sou Entènèt ki Fleksib:** Aksede nan pwòp vitès ou, leson sou entènèt sou platfòm EnGen lan nenpòt ki lè, nenpòt kote.
- **Devlopman Konkrè:** Mete an pratik sa w aprann dirèkteman nan entèraksyon travay ou chak jou ak opòtinite karyè ou pandan yon pwogram ak tèm k ap dire 10 semèn.

Angaje w & Pataje Jodiya!

Kit ou vle amelyore konpetans pa w ou byen sipòte yon kamarad nan ekip ou, nou ankouraje w patisipe:

1. **Enskri tèt ou:** Anplwaye yo kapab enskri dirèkteman.
2. **Pataje ak Kòlèg yo:** Nou ankouraje Sipèvizè ak manm ekip yo pou yo sipòte opòtinite sa epi ede anplwaye yo enskri.

Dat limit pou enskripsyon: 1 Desanm 2026
Ou pare pou kòmanse? Enskri Jodiya

Pou nenpòt kesyon ou byen plis enfòmasyon, tanpri kontakte nou nan **uhrbuildingbridges@umd.edu**. Ede nou bati yon kominote UMD ki gen plis fòs,e ki pi konekte!